**दिन—शुक्रवार** **दिनांक—05.12.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

रिजर्व बैंकक मौद्रिक नीति समिति चारि के मोकाबले दू के बहुमत सँ रेपो दर के छओ दशमलव पाँच शून्य प्रतिशत पर बनौने राखबाक निर्णय कयलक अछि। एहि तरहे स्थायी जमा सुविधा दर छओ दशमलव दू पाँच प्रतिशत आ बैंक दर छओ दशमलव सात पाँच प्रतिशत पर बनल रहत। बैंक फरवरी दू हजार तैईस सँ एहि दर पर यथा स्थिति बनौने राखलक अछि। रिजर्व बैंक के गवर्नर शक्तिकांत दास कहलनि जे रिजर्व बैंक बढ़ैत महंगाई के कम करबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। रिजर्व बैंक वित्त वर्ष दू हजार चौबीस—पच्चीसक लेल मुद्रास्फीति के अपन पूर्वानुमान के संशोधित कऽ चारि दशमलव आठ प्रतिशत कऽ देलक अछि। ई पछिला अनुमान सँ दशमलव तीन प्रतिशत बेसी अछि।

---

न्यूनतम समर्थन मूल्य आ आन मांगक मुद्दा पर किसान लोकनिक विरोध प्रदर्शनक मध्य सरकार आइ कहलक जे ओ फसलि के उत्पादन लागति सँ कम सँ कम पचास प्रतिशत बेसी न्यूनतम समर्थन मूल्य देबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। राज्यसभा मे पूरक प्रश्नक उत्तर मे केन्द्रीय कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहलनि जे केन्द्र सरकार कतेको फसलि पर न्यूनतम समर्थन मूल्य बढ़ा चुकल अछि। ओ कहलनि जे धान, गहूँम, ज्वार, बाजरा, रागी, मकई, राहड़ि, खेहरि सहित आन कृषि उत्पाद के देश मे उत्पादन लागति सँ पचास प्रतिशत बेसी न्यूनतम समर्थन मूल्य पर कीनल जयबाक निर्णय कयल गेल अछि। ओ कहलनि जे किछु फसलि के लेल न्यूनतम समर्थन मूल्य सय प्रतिशत अछि।

---

राष्ट्र आइ संविधान निर्माता बाबा साहेब डॉक्टर भीमराव अम्बेडकर के हुनक उनहत्तरम महा परिनिर्वाण दिवस पर श्रद्धापूर्वक स्मरण कऽ रहल अछि। एहि अवसर पर राष्ट्र निर्माण मे

डॉक्टर अम्बेडकर के योगदानक लेल देशभरि मे कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। डॉक्टर अम्बेडकर एक न्यायविद, विचारक, अर्थशास़्त्री आ समाज सुधारक छलाह, जे अपन जीवन समानता के वकालत करैत जाति आधारित भेदभाव के मिटेबाक लेल समर्पित कऽ देलक छलाह। बाबा साहेब के उन्नैस सय नब्बे मे भारत रत्न से सम्मानित कयल गेल छल। एम्हर, पटना सहित प्रदेशभरि मे बाबा साहेब के महा परिनिर्वाण दिवस पर कतेको कार्यक्रमक आयोजन कयल जा रहल अछि। मुख्य कार्यक्रम पटना उच्च न्यायालय के लऽग स्थित डॉक्टर भीमराव अम्बेडकर के प्रतिमाक लऽग आयोजित कयल गेल। जतऽ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार बाबा साहेब अम्बेडकर के प्रतिमा पर माल्यार्पण कऽ हुनका श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि।

———————————————————————

केन्द्रीय युवा मामिला आ खेल मंत्री डॉक्टर मनसुख मांडविया विकसित भारत क्विज चैलेंज मे भाग लेबाक तिथि दस दिसम्बर धरि बढ़ेबाक घोषणा कयलनि अछि। एहि सँ पहिने अंतिम तिथि पाँच दिसम्बर छल। युवा क्विज मे भाग लेबाक लेल भारत प्लेटफॉर्म पर विजिट कऽ सकैत छथि। ई ऑनलाईन प्रतियोगिता पन्द्रह सँ उनतीस वर्षक आयु के एहन सभ युवा के लेल खुजल अछि जे विकसित भारतक लेल अपन विचार साझा करबाक हेतु उत्सुक छथि। विजेता प्रतिभागी एगारह आ बारह जनवरी के प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के विकसित भारतक लेल अपन दृष्टिकोण आ विचार प्रस्तुत करताह।

———————————————————————

आइ बिहार होमगार्ड, गृहरक्षा वाहिनी संगठनक अठहत्तरम स्थापना दिवस अछि। एहि अवसर पर प्रदेशभरि मे कतेको कार्यक्रमक आयोजन कयल जा रहल अछि। एहि अवसर पर राज्यपाल राजेन्द्र विश्‍वनाथ आर्लेकर आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार अपन शुभकामना देलनि अछि। राज्यपाल अपन संदेश मे कहलनि अछि जे बिहारक रक्षा वाहिनी, पुलिस बल आ स्थानीय प्रशासन के मददि सँ एक दक्ष बल जकाँ समाज आ राष्ट्रक सेवा कऽ रहल अछि। मुख्यमंत्री अपन संदेश मे कहलनि जे गृहरक्षक लोकनिक प्रशिक्षण सेना के प्रशिक्षक लोकनिक देख रेख मे भऽ रहल अछि। जाहि सँ प्रशिक्षणक गुणवत्ता मे सुधार भेल अछि। एम्हर, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ गृहरक्षा वाहिनी के महानिदेशक शोभा अहोटकर सेहो अपन शुभकामना देलनि अछि।

———————————————————————

राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव आई बेगूसराय मे संवाद यात्रा के दरमियान कहलनि जे जँऽ बिहार मे महागठबंधनक सरकार बनैत अछि तऽ ओ वृद्धावस्था पेंशन आ विधवा पेंशन के बढ़ा कऽ हरेक मास पन्द्रह सय टाका कऽ देल जायत। एखन मात्र चारि सय टाका एहि मद मे देल जायत अछि।

———————————————————————

सतरम बिहार सिविल सेवा परीक्षा में नॉर्मलाइजेशन के विरोध में आइ हजारों अभ्यर्थी बीपीएससी कार्यालय के बाहर धरना प्रदर्शन कयलनि। प्रदर्शन के दरमियान पुलिस अभ्यर्थी लोकनि के हटेबाक प्रयास कयलक। मुदा अभ्यर्थी लोकनि नहि हटलाह जाहि कारण पुलिस के हल्का बल प्रयोग करऽ परल।

———————————————————————

समस्तीपुर जिलाक मोहिउद्दीन नगर रेलवे स्टेशन पर पुलिस छापामारी कऽ चालीस लीटर विदेशी शराबक संग चारि महिला सहित पाँच शराब तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————

बेगूसराय जिलाक बछबाड़ा थाना क्षेत्र अंतर्गत चिरंजीवीपुर एनएच–अट्ठाईस पर एक अनियंत्रित चारि पहिया वाहन डिवाइडर सँ टकरा गेल जाहि मे दू गोटे के मृत्यु भऽ गेलनि आ दू आन गोटा गंभीर रूप सँ घायल भऽ गेलाह।

———————————————————————

मुंगेर जिलाक खड़गपुर थाना क्षेत्र मे पछिला दिन–देखाड़े दू सीएसपी संचालक सँ लूटकांडक मामिला मे पुलिस उदभेदन कयलक अछि। एहि मामिला मे पुलिस एक आरोपी राजेश कुमार उर्फ भगिया के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————

समाप्त